

ALLELUIA  
JACKSON CHERY

Alleluia, Alleluia Jezi se sèl kapitèn  
mwen Lè bato mwen pral koule,  
se li ki vinn pilote Toujou tande lemond  
ap di "Sa k te gen nan levanjil la?"  
"Moun ki levanjil gen pwoblèm,  
nou menm tou genyen pwoblèm"  
Menm si w ta wè nou gen pwoblèm,  
pwoblèm nou yo pa sou do nou S'on  
sèl bagay nou konnen,  
Jezi se wa nan lavi nou Alleluia,  
Alleluia Jezi se wa nan lavi mwen Lè lavi mwen atriste, s  
e li ki vinn konsole mwen Alleluia,  
Alleluia Jezi se sèl kapitèn mwen Lè bato mwen pral koule,  
se li ki vinn pilote  
Nan tout kote nou pase tout moun  
se yon sèl pawòl Telman yo genyen  
pwoblèm yo pa konn sa pou yo fè An n ale nan montay yo,  
nan plèn yo, nan vale yo Nou va di yo pran kouraj,  
Jezi ap vinn delivre yo Let's ride Ann ale,  
Jackson c'mon Alleluia,  
Alleluia Jezi se wa nan lavi mwen Lè lavi mwen atriste,  
se li ki vinn konsole mwen Alleluia,  
Alleluia Jezi se sèl kapitèn mwen Lè bato mwen pral koule,  
se li ki vinn pilote Ay, menm si w ta wè nou leve  
Dife pa limen nan kay la Timoun pa kapab manje  
Yo paka ale lekòl Vwazinaj te mèt kritike m Frè m sè m,  
sa pa di m anyen Menm si n paka peye kay la  
Jezi se wa nan lavi m Pran kouraj tande Woy  
Lanejès, pran kouraj Lèzanfan, pran kouraj  
Byeneme, pran kouraj Les pasteurs, pran kouraj  
Mizisyen, pran kouraj Pran kouraj Alo  
Jackson B2's let's go Menm lè w gen pwoblèm,  
woy pa tounen Pa tounen Menm si w gen  
pwoblèm, frè m pa tounen Pa tounen  
Bondye nou pap tounen Non  
Menm si w pa gen kouran, woy pa tounen  
Pap tounen Menm si m pèdi djòb mwen,  
woy m'pap Pap tounen Senyè mwen pap tounen  
Non Kriye Wo oh oh oh (rpt) Rele Kriye  
Si li delivre Menm lè w gen pwoblèm,

woy pa tounen Pa tounen Menm si w gen pwoblèm,  
frè m pa tounen Pa tounen  
Bondye nou pap tounen Non  
Ou mèt banm bèl kay  
Pap tounen Ou mèt ofri m lajan Pap tounen  
Ou mèt banm bèl rad Pap tounen  
Ofri m sekirite Pap tounen  
Senyè mwen pap tounen  
Non Ede m pou m pa tounen  
Non Ede m kriye, c'mon  
Wo oh oh oh (rpt) Kriye (leve men nou 3x)  
Rele Si li delivre w Kriye New York City Vole Canada Rele Miami Si li  
delivre w Alleluia (rpt)